



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EVÈNMAN PITCH NY POU FÈ PWOMOSYON  
DIVÈSITE VWA NAN SEKTÈ DIVÈTISMAN AN**

***Evènman an Konekte Moun ki Aspire pou Vin Sineyas, Pwodiktè ak Ekriven yo ak  
Lidè Sektè yo pou Jwenn Konsèy ak Resous***

***Etidyan yo Patisipe nan Konpetisyon Maketing nan Tout Eta a pou Mete Aksan  
sou Lidèchip nan Jistis Sosyal New York***

**Foto yo Disponib [Isit la](#)**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Pitch NY jodi a, yon atelye pou bay moun ki aspire pou vin sineyas, pwodiktè ak ekriven atravè New York yo resous ak konsèy epi konekte yo ak lidè sektè yo pou yo pwogrese nan karyè yo. Evènman an ke Biwo Gouvènè Cuomo pou Devlopman Endistri Sinema ak Televizyon an (Office of Motion Picture & Television Development) ak NBCUniversal Studios nan kolaborasyon ak Fondasyon Panyòl Nasyonal pou La (National Hispanic Foundation for the Arts) a se dènye inisyativ Eta New York pou fè pwomosyon enklizyon divèsite vwa nan sektè divètisman an.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “New York, se kapital kiltirèl peyi a ki gen yon istwa fyète egalite ak divèsite. Lè n konekte etidyan ki soti nan milye varye ak lidè nan pwodiksyon film ak televizyon yo, nou fyè pou n ede favorize nouvèl jenerasyon inovatè New York yo epi kreye yon sektè divètisman ki pi solid, ki pi enklisiv nan eta sa.”

Biwo Gouvènè a pou Devlopman Endistri Sinema ak Televizyon (Office of Motion Picture & Television Development) an travay sere ak stidyò ak òganizasyon ki pa pou pwofi yo pou kiltive talan natif New York yo epi ede yo konstwi epi devlope chemen pou moun ki aspire vin kreyatè kontni yo. Pou yo patisipe nan inogirasyon atelye Pitch NY la, Fondasyon Panyòl Nasyonal pou La a (National Hispanic Foundation for the Arts) te chwazi etidyan ki enterese nan karyè nan sektè divètisman yo. Trant e en etidyan patisipan yo te chwazi yo se etidyan lisansye, diplome ak etidyan finisan ki soti nan rejyon jewografik diferan atravè Eta New York e ki reprezante yon konbinezon inivèsite piblik ak prive.

Yon atelye entèaktif pandan tout jounen an, Pitch NY te prezante de reyinyon-deba enfòmasyon, yon seyans prezantasyon gwoup “rankont rapid” ak yon konkou maketing. Evènman an te fèt nan stidyò NBCUniversal's 30 Rockefeller Plaza. Foto evènman yo

disponib [isit la](#).

Nouvo ekspè medya ki soti nan Vimeo, Vice Media ak Seeso, ki fè pati NBCUniversal te diskite sou tandans sektè a yo epi bay etidyan yo apèsi sou kreyasyon kontni inovan epi pwogresis ak estrikti distribisyon nan yon mond pòs-kab. Repezantan ki soti nan Marvel, Festival Film Ameriken Nwa (Black American Film Festival), Universal TV ak House of Cards te bay konsèy ak anekdot pèsonèl pou anseye etidyan yo kijan pou yo fè istwa yo pwogrese epi antre nan sektè a. Aktè Arturo Castro, ki rekoni pou travay li nan Comedy Central's *Broad City* ak *Billy Lynn's Long Halftime Walk*, te patisipe nan evènman an pou pataje kijan yo rive vin selebrite epi ofri konsèy sou fason pou distre moun sou tout platfòm.

Etidyan patisipan yo te asosye ak pwodiktè, pwomotè ak ekriven ki soti nan Lionsgate, CBS, Warner Brothers, Sony, Fox, FX, Shades of Blue, Night Of, DeFina Film Productions, HBO ak House of Cards. Nan seyans patikilye sa yo, etidyan yo te pratike diskou entwodiksyon yo epi resevwa kòmantè ak kritik ki konstriktif nan men lidè sektè yo. Repezantan sektè yo te imite sitiwayon prezantasyon lavi reyèl epi bay etidyan yo opòtinite pou pataje istwa yo epi amelyore kapasite prezantasyon yo. Seyans prezantasyon rankont rapid sa yo konekte lidè sektè amizman yo tou ak yon jenerasyon kreyatè kontni k ap grandi.

Yo te ofri etidyan Pitch NY yo opòtinite pou travay ak ekip maketing Empire State Development lan tou nan kad yon kanpay maketing nan tout eta a. Etidyan yo ap an mezi pou prezante sijè istwa yo pou videye pwomosyon Eta New York nan objektif pou mete aksan sou wòl New York depi lontan antanke yon lidè nasyonal nan lit pou libète ak jistis sosyal ak relasyon li pou devlopman ekonomik. Si diskou a reyisi, y ap akòde etidyan yo \$1,000 dola pou pwodwi kontni kout sou rezo sosyal epi y ap genyen lòt opòtinite pou yo pibliye kontni yo sou sit entènèt eta a nan kad kanpay maketing li a nan tout eta a. Moun ki genyen yo ap resevwa yon gran pri \$5,000 dola pou travay yo.

**PDG ak Delege ESD (Empire State Development) a, Howard Zemsky te di:** “Eta New York vin tounen yon mache mondyal ki trè konkiransyèl pou pwodiksyon film ak televizyon, ki okazyone depans plizyè milya dola ak kreyasyon plis pase 920,000 djòb atravè eta a. Sou direksyon Gouvènè Cuomo, nou angaje pou ede jèn vwa yo antre nan sektè a e *Pitch NY* te ba nou opòtinite pou travay ak kad egzekitif stidyo, ekriven ak pwomotè yo pou ouvri pòt epi kreye djòb pou tout Moun New York.”

**Craig Robinson, EVP e Responsab Anchè Divèsite NBCUniversal, te deklare:**

“Antanke yon lidè nan divèsite ak enklizyon sektè a, NBCUniversal te santi l espesyalman onore pou l patwone premye evènman Pitch NY la. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman pataje li pou fasilite talan diferan talan devan ak dèyè kamera a.”

**Felix Sanchez, Prezidan e Ko-fondatè Fondasyon Panyòl Nasyonal pou La a (National Hispanic Foundation for the Arts), te deklare:** “Pitch NY se yon opòtinite k ap lanse pou etidyan nan inivèsite New York yo pou prezante sijè ide yo bay

pwofesyonèl divètisman ki soti nan diferan platfòm medya. Pitch NY se ankò yon lòt gwo patenarya piblik/prive ki angaje pou kreye pi gwo enklizyon nan endistri divètisman an.”

## **Biwo Gouvènè a pou Devlopman Endistri Sinema ak Televizyon**

Biwo Gouvènè Eta New York la pou Devlopman Film Sinema ak Televizyon, yon depatman Empire State Development la, ofri pwodiksyon film, televizyon ak piblisite ak kredi enpo apre pwodiksyon pou depans yo otorize nan Eta New York. Biwo a sèvi tou kòm yon koneksyon ant konpayi pwodiksyon ak otorite vil ak lokal, ajans eta, yon rezo kontak nan tout eta a, biwo film lokal ak espesyalis eklerè ak rejisè pwofesyonèl. Pou plis enfòmasyon sou tounaj nan Eta New York oswa Pwogram Kredi Enpo sou Pwodiksyon Fim ak Apre Pwodiksyon Fim (Film Production and Post Production Tax Credit Programs), tanpri, ale sou [www.nylovesfilm.com](http://www.nylovesfilm.com).

## **Empire State Development**

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik an chèf New York. Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò epi pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo dyòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab epi divèsifye. Atravè itilizasyon prè, sibvansyon, kredi enpo, ak lòt fòm èd finansye, Empire State Development ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon dyòb, epitou pou sipòte kominote ki pwospè atravè Eta New York. Empire State Development se premye ajans administratif tou ki kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Cuomo yo ak maketing “I Love NY,” mak anblèm touris Eta. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418